

RINGKESAN

Rosalina Anwar. 2018. **Larapna Model Pangajaran *Berbasis Masalah Berorientasi Web Pikeun* Ngaronjatkeun kamampuh Literasi Informasi jeung Hasil Diajar Kana Konsep *Keanekaragaman Hayati***. Pangaping 1 Dr. Carton, M.Pd., M.T. jeung Pangaping 2 Ida Yuyu Nurul Hizqiyah, S.Pd., M.Si.

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho larapna model pangajaran *berbasis masalah berorientasi web* kana kamampuh literasi informasi jeung hasil diajar siswa kana konsep *keanekaragaman hayati*. Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh literasi informasi jeung hasil diajar siswa dina ranah *kognitif, afektif* jeung *psikomotor*, sedengkeun pikeun nu ngadidik jeung sakola bisa dijadikeun bahan tinimbang alternatif jeung ngaoptimalkeun larapna literasi dina pangajaran jeung model pangajaran nu *inovatif, aktif*, jeung *komunikatif* sarta bisa ngaronjatkeun mutu lulusan sahingga bisa nyiptakeun lulusan nu kompeten jeung mampuh nyaingan lulusan ti sakola séjén. Subjék panalungtikana nya éta kelas X MIPA 4 di SMA Negeri 12 Bandung nu jumlahna 31 urang. Metode nu dipaké nya éta *pra-eksperimen* data hasil panalungtikan tuluy di analisis ngagunakeun uji normalitas, uji homogenitas, uji-t jeung analisis N-Gain. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén ayana ronjatan tina kamampuh literasi informasi siswa nu meunangkeun hasil rata-rata 87,68% asup kana kriteria hadé pisan, hasil diajar siswa dina ranah kognitif menangeun niléy N-Gain 0,69 asup kana kriteria sédeng, niléy dina ranah afektif meunangkeun 82 asup kana ranah hadé pisan jeung niléy dina ranah psikomotor meunangkeun niléy 84 kaasup kriteria hadé pisan. Sahingga bisa dicindekkeun yén larapna model pangajaran *berbasis masalah berorientasiweb* bisa ngaronjatkeun kamampuh literasi informasi jeung hasil diajar siswa dina konsep *keanekaragaman hayati*.

Kecap Galeuh: Pangajaran *Berbasis Masalah, Web*, Literasi Informasi, Hasil Diajar, *Keanekaragaman Hayati*.